Mustaqillik yillarida lo‘lilarning ko‘pchiligi turli jamoa xo‘jaliklarida faoliyat ko‘rsatib boshlaganlar. Ammo, keyingi vaqtlarda jamoa xo‘jaliklarining tugatilishi, yer-mulklarning xususiylashtirib fermer dehqonga berilishi, ishlab chiqarish korxonalarining tugatilishi, natijasida lo‘lilar dehqonchilik va chorvachilik sohalaridan biroz yiroqlashib, ko‘pchiligi ishsiz qoldi yoki tilanchilik odatini qayta davom ettirdilar. Ularning ta'lim jarayonlariga jalb qilinganlik darajasi ham yetarli darajada deb bo‘lmaydi. Hozirgi vaqtda ham ma'lumotli va ziyolilar hamon ozchilikni tashkil etishadi [6:171].

Mamlakatimizda 2000-yillardan boshlab hukumat tomonidan aholining barcha qatlamiga kichik biznes va xususiy tadbirkorlikni rivojlantirish uchun yaratilgan sharoitlardan lo‘lilar ham foydalanib, tadbirkorlik yoki kichik biznes bilan shug‘ullanib, o‘z xos turmush tarzini yangicha tarzda shakllantirishmoqda.

**Xulosa.** Hozirgi kunda lo‘lilar jamiyatning faol a'zolari sifatida hunarmand, tadbirkor, o‘qituvchi, ichki ishlar xodimi, san’atkor, sportchi kabi kasblarda ham faoliyat olib borishmoqda. Bu sohalarda ishlayotgan lo‘lilar soni oz bo‘lsa-da ortib borayotganligidan ularning atrof-tevarakka bo‘lgan munosabatini ham o‘zgartirmoqda. Surxondaryo vohasida lo‘lilari turmush tarzi va mashg‘ulotlari asrlar davomida atrofdagi xalqlarning etnomadaniyati ta'sirida o‘zgarishlarga uchradi.

**Adabiyotlar**


1. Dala yozuvlari. Sherobod tumani, Balxiguzar qishlog‘i, 2022-yil, may.
2. Dala yozuvlari. Surxondaryo viloyati, Jarqo‘rg‘on tumani, Oqtepa qishlog‘i, 2022-yil avgust.
3. Dala yozuvlari. Surxondaryo viloyati, Sherobod tumani, Sherobod qishlog‘i, 2022-yil avgust.
4. Dala yozuvlari. Surxondaryo viloyati, Termiz shahri, 2022-yil iyun.
5. Hoshimov I. Lo‘lilar dunyosiga sayohat. – Toshkent: «Muharir», 2013. – B.93.
6. Назаров Х. Современное этническое развитие среднеазиатских цыган (люли). // Этнические процессы у национальных групп Средней Азии и Казахстана. – Москва: «Наука», 1980. – С.171.
7. Симанчук И.В. Исскуство очарования. // Архив журнала, e-mail. К содержанию номера. 2000. № 2.



**REZYUME.** Bugungi kunda Surxon vohasi lo‘lilarining xo‘jalik faoliyatini o‘rganish etnografiya fani oldida turgan muhim vazifalardan hisoblanadi. Ushbu maqolada Surxondaryo viloyatida yashovchi lo‘lilarning xo‘jalik faoliyati, kasb-hunarga munosabati tadqiq etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Сегодня изучение хозяйственной деятельности цыган Сурханского оазиса является одной из важных задач, стоящих перед этнографической наукой. В статье рассматривается экономическая деятельность и отношение цыган, проживающих в Сурхандарьинской области, к своим профессиям.

**SUMMARY.** Today, the study of the economic activities of the Gypsies of the Surkhandarya oasis is one of the important tasks facing the science of ethnography. This article examines the economic activities and attitudes of the Gypsies living in the Surkhandarya region to their professions.


## САДРИДДИН АЙНИЙДИҢ ЖӘДИДШИЛИК-АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ ХЫЗМЕТЛЕРИ


**Қ.Сейтмуратов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сузлар:** мактаб, дарслик, жадид мактаби, ислоҳат, ўқувчилар, мустақиллик, мадраса, таълим, тарбия, маърифат.

**Ключевые слова:** школа, учебник, джадидская школа, реформа, ученики, независимость, медресе, образование, воспитание, просветительство

**Key words:** school, textbook, Jadid school, reform, students, independence, madrasa, education, upbringing, enlightenment.


**Кирисиў.** Жәдидшилик ҳәрекетиниң тырнағын жәдид усылындағы мектеплер қурайтуғынлығы көпшилик тәрепинен мойынланған ҳақыйқат есапланады. Бул ҳәрекеттиң тийкарғы мақсети миллеттиң өзлигин танытыў, социаллық-мәдений дүзимди түптен реформалаў, миллет, Ўатан ғәрезсизлиги еди. Заманында көплеп уллы инсанларды тәрбиялап, камалға келтирген дәстүрий мектеплер соңғы дәўирлерде дүнья раўажланыўынан үзилип қалған, оның үстине басып алыўшылық ақыбетинде пүткиллей жоқ болып кетиў ҳалына келген еди. Соның ушында жергиликли мектеплерди түптен реформалаў, заман талапларына толық жуўап бере алатуғын тәлим-тәрбия мекемелерин шөлкемлестириў жәдид зиялыларының ең тийкарғы ўазыйпаларының бирине айланған еди.

**Тийкарғы бөлим.** Бухара жәдидшилик ҳәрекетиниң атақлы ўәкиллериниң бири, белгили ағартыўшы, жазыўшы, илимпаз ҳәм мәмлекетлик искер Садриддин Айний (толық аты – Садриддин Сайдмуродзода Айний) ҳәзирги Бухара ўәлаятының Ғиждувон районына қараслы Соктаре аўылында 1878-жылы 27-апрелде (кейинги жыл есабы бойынша) камбағал дийхан шаңарағында туўылған. Биринши мағлыўматты алты жасынан баслап өз аўылындағы басланғыш мектепте алады. Ол 12 жасқа толғанда ата-анасы тырыспай (холера) кеселлигинен қайтыс болып, Бухара қаласында жасайтуғын үлкен ағасының қолында тәрбияланады. Ол кейинала Мир Араб (1890-91), Олимхон (1892-93), Бадалбек (1894-96), Ҳожи Зоҳид (1896-99), Кукалдош (1899-1900) медреселеринде тәлим алған.

С.Айнийдиң дүньяқарасының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўына өзиниң жазып көрсетиўинше, белгили шайыр Аҳмад Дониш, азербайжан жазыўшысы Хожа Мароғий, басқа да жәдид ағартыўшылары шығармаларының тәсири үлкен болады [1:153].

Садриддин Айний өзиниң жоқарыда аты аталған шығармасының "Илимий революцияға таярланыў" бөлиминде келтириўинше Ахмад Дониш (1827-1897) пенен жеке ушырасып, көриспесе де, оны "Наводир ул вақоеъ" шығармасы арқалы билетуғынлығын, бул шығарма оның дүньяқарасында үлкен өзгерислердиң болыўына себепши болғанлығын, сол себепли де бул алымды устаз деп билетуғынлығын келтиреди.

Оның дөретиўшилиги 1896-жылы биринши рет "Айний" (Көреген) деген лақап пенен басылып шыққан "Роза" атлы қосығы менен басланып, оның "Гули сурх" (Қызыл гүл) атлы биринши шығармасы 1897-жылы 19 жасында жарық көрген.

Ол бул дәўирде мийнеткеш халықтың аўыр аўҳалына бирден-бир себеп оның саўатсыз, мағрыйфатсыз екенлиги деп түсинди. Соның ушын да, ол тез арада үлкедеги жәдидшилик ағымының белсенди ағзасы болып жетилисти ҳәм жаңа усылдағы мектеп ашыў ушын көп күш сарыплайды. Ол "Жас бухаралылар" ҳәрекетиниң белсенди ағзасы сыпатында халықты саўатландырыў, талантлы жасларды сырт еллерге оқыўға жибериў, жаңа усылдағы жәдид мектеплерин ашыў бойынша үлкен хызметлер ислеген.

Садриддин Айний өзиниң "Бухара революциясы тарийхы ушын материаллар" атлы шығармасында басқа материаллар қатары "Мектеп мәселеси", "Бухарада биринши жадид усылындағы мектептиң ашылыўы", "Мектептиң жабылыўына таярлық ҳәм имтихан", "Мектептиң биринши рет жабылыўы", "Мектеп ҳаққында шешим ҳәм тартыслар", "Рус ҳүкиметиниң Бухара реформасы, мектеп мәселесине итибар ҳәм мүнәсибет", "1914-жылғы аўҳаллар ҳәм мектеплер", "Мектеплердиң екинши мәрте жабылыўы" атамасында өз алдына бөлимлер ажыратылған [2:66]. Ол бул жерде сол дәўирде Бухарада пайда болған жаңа жәдид мектеплериниң ахўалы, оларды шөлкемлестирген инсанлар ҳаққында кең түрде мағлыўматларды келтирген. Бул мағлыўматларды автор өз тилинен ҳәм сол ўақыя ҳәм ҳәдийселердиң жанлы гүўасы сыпатында баянлап өткен. Себеби, алымның тиккелей өзи Бухарада жәдид мектеплери ашылыўының шөлкемлестириўшилериниң бири болғанлығы ушында талай тарийхый ўақыялардың тири гүўасы болғанлығы анық ҳақыйқат есапланады.

Сондай ақ ол усы шығармасында: "Тәлим усылы жүдә бузық, айныған еди. Биз ҳәммемиз қағыйда менен методты билместен қыйланар едик. Бизлерди балаларға тәлим бериўди реформалаў (қайта қурыў) машқаласы қызықтырар еди" деп көрсетеди.

Садриддин Айний өзиниң "Бухара революциясы тарийхы ушын материаллар" шығармасында былай деп жазады: 1914-жылы "Жас бухаралылар" шөлкеми тәрепинен еки жүдә әҳмийетли иске қол урылды. Булар "Бухорайи шариф" ҳәм "Турон" газеталарының жаўылып қалыўына байланыслы олардың орнын толтырыў, халықты ҳәр түрли жаңа әдебиятлар, газета-журналлар менен тәмийинлеў мақсетинде "Маърифат кутубхонаси" атлы китапхананың ҳәм "Берекет" ширкетиниң шөлкемлестирилиўи болып табылады. "Берекет" ширкети кейиншелик халық арасында "Жәдидлер ширкети" деген атаққа да ийе болған.

1883-1884-жыллардан баслап Бухара зиялылары Исмайылбек Гаспирали тийкар салған "Таржумон" газетасы арқалы жәдид мектеплери, жәдидшилик ҳәрекети ҳәм олардың реформаторлық идеялары ҳаққындағы материаллар менен танысып барған. Себеби 1884-жылы усы газетаның 1000 жазылыўшыларының 200 Түркистаннан болған. Алымның жазыўынша, 1905-жылдан баслап "Таржумон" газетасы тек татар тилинде шыға баслаған.

Садриддин Айнийдиң жазыўынша Бухарада биринши жаңа усылдағы жәдид мектебин 1900-жылдың басларында жергиликли зиялы инсан Молла Жорабай Пирмастий деген адам шөлкемлестирген. Лекин бул мектеп көп узамай жаўып тасланған. Молла Жорабай Пирмаст районында туўылып, заманында Россиядағы жаңа усыл мектеплерин барып көрип келген ҳәм Бухараның Пўстиндазон (постын тигиўши) гүзарында жаңа усылдағы мектебин ашқан.

Бухарада шөлкемлестирилген жаңа усылдағы мектеплердиң жумысларының нәтийжели болыўы ушын сабақлық, оқыў қолланбалары зәрүр еди. Усылардан келип шығып ҳәм Самарқандтағы жаңа усылдағы мектеп шөлкемлестириўшилериниң бири болған А.Шакурийдиң мектебиндеги тәлим-тәрбия ислери менен танысқан С.Айний тәжик тилинде "Тартил-ул Қуръон" ("Қуранды дурыс оқытыў ҳаққында"), "Зарурияти диния" ("Диний жол-жобалар"), "Таҳсиб-ус-сибён" ("Балалар тәрбиясы") сыяқлы сабақлықларын жаратады ҳәм бул китаплар "Жас Бухаралылар" тәрепинен дүзилген "Бухаройи шариф" ширкети жәрдеминде дәслеп 1909-жылы Оренбург қаласында баспадан шығады.

Сол дәўирде Самарқанд қаласында жаңа усылдағы жадид мектеплери ең дәслеп татар зиялылары тәрепинен татар тилинде билим бериўши мектеплер болып ашылған ҳәм олар көплеген жаңа усылдағы мектеплерге үлги болды. С.Айнийдиң өзи де өзиниң жаңа усылдағы мектебин ашыўдан алдын, 1908-жылы татар мектеплеринде ислеп, сабақ бериў ҳәм оқытыў усылларын үйренгенлигин "Татар мектебинде алты ай ислеп, тәжирийбе арттырдым" деп жазады.

Бул китаплар арасында "Таҳсиб-ус-сибён" ("Балалар тәрбиясы") мийнети педагогика илими ушын үлкен әҳмийетке ийе. Бул шығарманы автор Исмайыл Гаспринскийдиң "Хужаи сибён" ("Балалар муғаллими") атлы мийнетинен тәсирленип, оған еликлеп жазған. Шығармада сол дәўирлер ушын

актуал болған көплеген педагогикалық идеялар алға сүрилген. Бул китап 1917-жылы Самарқандта “Маърифат кутубхонаси” атлы баспаханада басып шығарылған [2:67].

Бухаралы айырым ескише пикирлеўши, реакцион топарлар С.Айнийдиң бул сабақлығындағы еркинликти сүйиўши алдыңғы қатардағы пикирлерди сезгеннен кейин Бухара амирине арыз етип, усы сабақлықтан пайдаланып сабақлар өтилип атырған мектеплерди жаптырыўға ериседи. Бирақ, жаңа усыл мектеплериниң тәрепдарлары “Балалар тәрбиясы” (“Тарбияи атфол”) атлы жасырын жәмийет дүзеди. Жәмийеттиң тийкарғы мақсети халықты саўатлы етиў, халық массасы арасында китаплар тарқатыў, ысырапгершиликке ҳәм унамсыз әдетлерге қарсы гүрес алып барыў, унамсыз иллетлерге қарсы үгит-нәсият жумысларын алып барыўдан ибарат еди. Бул жәмийет жаңаша оқытатуғын мектеплерди жасырынша ашып, балаларды оқытып, саўатлы еткеннен соң Оренбург, Уфа, Казан, Қырым ҳәм басқа қалаларға оқыўын және де даўам етиўлери ушын жиберер еди.

Өзиниң социаллық тараўдағы хызметлери процесинде С.Айнийдиң кең көлемли халық массасының аўыр турмыс кешириўиниң себеплерине болған көзқараслары да өзгерип барды. Нәтийжеде ол Бухара әмири тәрепинен 1917-жылы өткерилген реформаға жан-тәни менен қарсы шықты. Жәдидлердиң басшылары әмир менен келисим дүзбекши болған ўақытлары да бундай келисим дүзиўге тиккелей қарсы шықты: “Әмир менен жарасыўға болмайды”, деди ол [3:294]. Нәтийжеде С.Айний қамаққа алынады ҳәм жетпис бес дүрре менен сабалаў жазасы менен жазаланып, зинданға тасланады. Лекин, көп өтпей ол сол дәўирде жетип келген рус большевиклери тәрепинен басқалар қатары азат етиледи. Сол дәўирден баслап С.Айнийдиң белгили дәрежеде жаңа ҳүкимет пенен бирге ислесиўи басланады.

1917-жылғы революциядан кейин Садриддин Айний халық билимлендириўи машқалалары менен тиккелей шуғыллана баслады. Ол Самарқанд қаласының Қосҳәўиз мәҳәллесинде бир класстан ибарат мектеп ашып, жас әўладқа тәлим-тәрбия бере баслады. Оның бул мектеби сегизинши класс көлеминде билим берер еди. Мектепте Садриддин Айнийдиң өзи өзбек тили ҳәм әдебияты, тәжик тили ҳәм әдебияты, тарийх, қосық, мийнеттен сабақ өткен. Соның менен бир қатарда, өзи сабақлықлар дүзди. Атап айтқанда, өзбек, тәжик мектеплери ушын ана тили ҳәм әдебиятынан сабақлықлар дүзиў ислерине қатнасты. Қызлар мектеби ушын жазған “Қыз бала яки Халида” атлы оқыў китабы усы сабақлықлардың бири болып, жаңа усылдағы мектеплерде кеңнен пайдаланылып келинген.

Садриддин Айнийдиң тиккелей шөлкемлестириўшилик ҳәрекети менен Бухарада дәслеп тәжик тилинде “Бухарайи шариф”, кейинала өзбек оқыўшыларының көп екенлиги есапқа алынып, өзбек тилинде “Туран” газеталары шөлкемлестирилди ҳәм бир қанша мүддет халықты саўатландырыў ислерине хызмет қылды.

Садриддин Айний Орта Азия халықлары тарийхының үлкен билимданы сыпатында “Бухара революциясы тарийхы ушын материаллар” (1926), “Бухара маңғыт әмирлериниң тарийхы” (1921) атлы тарийхый шығармаларын жазды. Сондай-ақ, “Одина”, “Тәжик әдебиятынан үлгилер” (1926), “Қул баба яки еки азат” (1928) сыяқлы очерк, қысса, гүрриңлери жарық көрди. Оның “Бухара жәлладлары” (1922), “Сүтхордың өлими” атлы повестьлери, тәжик тилинде “Дохунда” (1927-29), өзбек тилинде “Қуллар” (1934) романлары, сондай ақ төрт бөлимнен ибарат “Естеликлер” (1949-54) атлы социаллық-мәдений шығармаларын дөретти. Оның “Бухара” (1951) атлы китабы бурынғы аўқам мәмлекетлик сыйлығына мияссар болды. Оның бир қанша китаплары немис, поляк, венгер, қытай, француз, румин, ҳинд, чех ҳәм т.б. тиллерге аўдарылды. Оның “Ески мектеп” (1935) шығармасында ески мектеплердеги оқыў ҳәм оқытыў процесслери ҳаққында сөз барады.

Жигирмаланшы жылларда басылып шыққан бир қатар сатиралық шығармалары, “Және бул қайсы гөрден шықты”, “Пулың ҳадал болса той бер” (1924), “Машраб баба”, “Я тоным” (1925), “Билгеним жоқ”, “Кеңес” (1926) киби өзбек тилиндеги фельетонлары, сатиралық қосық ҳәм мақалалары, әсиресе “Сүтхордың өлими” атлы сатиралық повести жазыўшының шебер сатирик екенлигин көрсетти. Муқанна ҳәм Темурмәлик басшылығындағы халық азатлық көтерилисин тәрийплеген әдебий-тарийхый очерклер жазды.

Алым өзбек ҳәм тәжик әдебиятының классик жазыўшыларының дөретиўшилигин үйрениў бойынша да үлкен илимий изленислер алып барды. “Фердаўсий ҳәм оның “Шаҳнамасы ҳаққында” (1934), “Камал Хужандий”, “Шайхурраис Абу Али ибн Сино” (1939), “Устаз Рудакий” (1940), “Шайх Муслиҳиддин Саъдий Шерозий” (1942), “Алишер Наўайы” (1948), “Зайниддин Восифий” (оның “Бадое ул-вақое” шығармасы ҳаққында), “Мырза Абдилқодир Бедил”, Ахмед Дониш, Муқимий, Ғафур Ғулам, Сайд Назар сыяқлы, жәми 200ден аслам уллы шығыс зиялылары ҳаққындағы илимий-изертлеў жумысларын алып барып, әдебияттаныў ҳәм критика жанрының илгерилеўине, илимниң раўажланыўына үлкен үлес қосты. Сондай ақ ол әдебияттаныўшы, тилши, шығыс таныўшы илимпаз сыпатында “Парсы ҳәм тәжик тиллери ҳаққында”, “Тәжик тили” сыяқлы илимий мийнетлери тәжик тил билимине қосылған үлкен үлес болды. Усы илимий мийнетлерин есапқа алып Ленинград мәмлекетлик университетиниң Илимий Кеңеси оған филология илимлериниң докторы (1948) илимий дәрежесин берди. Ол Тәжикстан Илимлер Академиясы академиги ҳәм биринши президенти (1951-54) болды, Өзбекстан Илимлер Академиясының ҳүрметли ағзасы (1943), Тәжикстанға хызмет көрсеткен илим ғайраткери (1940), профессор (1950) атақлары берилди. Ол еки

мәрте бурынғы аўқам Жоқарғы Советииниң депутаты болып сайланды.

Садриддин Айнийге Тәжикстан қаҳарманы (қайтыс болғаннан кейин 1998) атағы берилген. Өзбекстан Республикасының "Буюк хизматлари учун" ордени (қайтыс болғаннан кейин 2001) менен сыйлықланған. Тәжикистанның Согд ўәлаятындағы бир район, Самарқанд мәмлекетлик педагогикалық институты, Тәжикистан мәмлекетлик педагогикалық институты, Душанбе қаласындағы опера ҳәм балет театры, Бухара областлық музыкалық драма ҳәм комедия театры оның аты менен аталады. Алымның атына Ташкент, Самарқанд, Душанбе, Бухара, Бишкек ҳәм т.б. қалаларда дем алыў орынлары, көшелер, китапханалар қойылған. Душанбе, Бухара ҳам Самарқандта оның үй-музейлери шөлкемлестирилген.

Оның көплеп илим докторы ҳәм кандидатларының илимий жумысларына басшылық еткенлиги ҳәм Самарқанд мәмлекетлик университетинде ислеген дәўириндеги педагогикалық ҳәм илимий хызметлери дыққатқа ылайық.

Садриддин Айнийдиң жазыўшы сыпатындағы мийнетлери жоқары баҳаланады. Буған мысал, белгили украин жазыўшысы ҳәм әдебий критиги Иван Дзюба 1962-жылы Каир қаласында өткерилген Азия ҳәм Африка жазыўшыларының конференциясында шығып сөйлеп, С.Айнийди атақлы жазыўшылар Рабиндранат Тагор, Лу Синь, Таха Хусейн менен теңлестиреди, Самуил Маршак, Луи Арагонлар болса оны Джек Лондонға теңлестиреди.

С.Айний өзиниң хызмети даўамында И.В.Сталин, М.Горький, Я.Колас, Ю.Фучик, С.Бородин ҳәм т.б. менен ушырасқан ҳәм сәўбетлескен. Алым 1954-жылы 15-июльда Душанбе қаласында қайтыс болған.

**Жуўмақ.** Садриддин Айнийдиң өмири ҳәм дөретиўшилиги, педагогикалық хызметлери өсип киятырған жас әўлад ушын үлги есапланады. Ондағы мийнет сүйгишлик, оның сабырлылығы, илим-мағрыйфатты көклерге көтериўи ҳәм оны байытыўға умтылыс, мәртлик сыяқлы уллы қәсийетлер жас әўлад тәрбиясы менен шуғылланыўшы оқытыўшылар шахсын қәлиплестириўге үлкен тәсир көрсетиўши фактор есапланады.

**Әдебиятлар**


1. Айний С. Эсдаликлар. 4 қисм. Асарлар. 8 жилдлик, 7 жилд. -Т:. 1966. 153-б.
2. Темиров Ф. Садриддин Айний асарларида Бухородаги жадид мактаблари ва матбуотчилик тарихи масалалари. Соҳибқирон юлдузи. 2021 йил, № 4-сон, 66-б.
3. Хошимов К. ва б. Педагогика тарихи. –Т.: «Ўқитувчи», 1996. 448-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада белгили маърифатпарвар ёзувчи Садриддин Айнийнинг жадидчилик-маърифий фаолияти ва таълим-тарбиявий қарашлари ҳақида суз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о просветительско-джадидской деятельности и педагогических взглядах Садриддина Айни, известного писателя-просветителя.

**SUMMARY.** The article talks about the educational-Jadid activities and pedagogical views of Sadriddin Aini, a famous writer-educator.


**UDK: 908**

## QOŃÍRAT RAYONÍ TARIYXÍ HAQQÍNDA QÍSQASHA MAĠLÍWMAT


**S.S.Shamshaddinova** – *erkin izleniwshi*

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*



**Tayanch so'zlar:** paleolit, neolit, bronza davri, savdo va madaniy aloqalar.

**Ключевые слова:** палеолит, неолит, эпоха бронзы, торговые и культурные связи.

**Key words:** paleolithic, neolithic, bronze age, trade and cultural ties.


**Kirisiw.** Qońırat rayonı Qaraqalpaqstannıń adamlar jasaǵan eń áyyemgi aymaǵı esaplanadı. Tariyxshı alımlardıń tastıyıqlawınsha, Qaraqalpaqstanda eń áyyemgi tariyxıy hám mádeniy estelikler izi Qońırat rayonı aymaǵında, atap aytqanda, Ústirtte tabılǵan. Biziń eramızǵa shekemgi 300-100 mıńınshı jıllarǵa jatatuǵın paleolit dáwiriniń qonıs ornı Barsakelmes shorınıń qubla batısında Esen-1, Esen-2 degen qudıqlar átirapında jaylasqan [1:8]. Neolit dáwirine, yaǵnıy biziń eramızǵa shekemgi V-III mıńınshı jılları adamlardıń shaqmaq taslardan islengen miynet quralları Ústirt dalasında kóp ushırasadı. Neolit dáwirindegi adamlar, tiykarınan, ańshılıq penen shuǵıllanǵan [2].

Ústirt keńisliginen Qola dáwirine b.e.sh. III-II mıńınshı jıllar esteligine Qaraqudıqtaǵı qoyımshılıqlar kiredi. Erte temir dáwirine b.e.sh. VII-II ásirine jatatuǵın Seksewilsaydan Qazaqstan shegarasına shekemgi aralıqta jaylasqan qoyımshılıq qábirler, mıstan islengen oq jaydıń oqları, savromat-sarmat qáwimleriniń estelikleri jatadı.

**Ádebiyatlar sholıwı.** Házirgi Qońırat rayonına qaraslı bolǵan aymaqlardaǵı qalalar hám tariyxıy orınlar haqqında A.Kun, T.A.Jdanko, K.L.Zadıxina, V.N.Yagodin, X.Esbergenov, Ǵ.Xojaniyazov, M.Tórebekov, S.Saymanov, Ó.Embergenov penen J.Shamuratovlardıń hám t.b. basqa alımlardıń ilimiy miynetlerinde qunlı maǵlıwmatlar berilgen [6].

**Izertlewdiń metodologiyası.** Qońırat rayonı tariyxın jazıwda interdisssiplinar yamasa kóp tarawlı izertlew usılı qollanılǵan. Tariyxıy xronologiya, arxeologiyalıq hám etnografiyalıq dereklerdi tallaw, geografiyalıq hám ekonomikalıq faktorlardı esaplaw, statstikalıq maǵlıwmatlar menen tiykarlandırıw sıyaqlı metodologiya regionnıń tariyxın sistemalı hám obyektiv kórsetiwge múmkinshilik beredi.